

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda téh lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina raraga ngébréhkeun basana, aya dua média nu ilahar digunakeun, nyaéta média lisan jeung tulisan. Média basa nu dipaké ku manusa salaku panyatur atawa panampa informasi salasihijina kedal dina wangun kalimah. Kalimah digunakeun pikeun ngedalkeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, rasa, ogé minangka alat komunikasi patalimarga. Ditilik tina fungsi jeung situasina, kalimah dibagi jadi sababaraha hal nyaéta kalimah wawaran, kalimah pananya, jeung kalimah paréntah. Ari disawang dina wangunna aya kalimah salancar, kalimah rangkepan jeung kalimah ringkesan.

Dina kalimah ilaharna dilarapkeun tanda baca, sabab peran kalimah téh hakékatna minangka kedaling basa nu lengkep tina hiji wacana. Ieu pamanggih luyu jeung pamadegan Sudaryat spk (2013, kc. 183) yén kalimah téh kontruksi gramatik maksimal nu mangrupa bagian pangleutikna nu ngandung pikiran nu lengkep tina hiji wacana, jeung diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, sarta rélatif bisa madeg mandiri.

Kiwari, pakakas pikeun komunikasi réa ngawujud dina wangun wacana, di antarana waé artikel. Artikel minangka salasihiji wujud basa tulis nu ébréh dina kalimah-kalimah baku. Sanajan teu kabéh kalimah dina artikel mangrupa kalimah baku, tapi sakapeung aya sababaraha kalimah nu teu baku. Artikel mangrupa karangan nu eusina gagasan atawa opini nu nulis nu bisa mangrupa gagasan murni atawa tina sumber-sumber nu bisa dipercaya bebeneranana saperti référénsi, buku-buku atawa informasi ti pabukon, jeung sawatara pamadegan anu patali jeung topik artikel (Djuroto, 2014, kc. 4).

Ku ayana kamekaran téhnologi, manusa teu saukur bisa manggihan artikel tina koran, tapi ogé tina média sosial. Média sosial beuki dieu beuki réa rupana. Mimiti aya *Yahoo Messenger*, *BBM*, jeung *Facebook*. Aya ogé média *Twitter*, *Line*, jeung *Instagram* nu kiwari populér. Nalika diperhatikeun, teu réa média sosial atawa citak nu midangkeun artikel basa Sunda. Média nu masih ngagunakeun basa Sunda dina publikasina nyaéta majalah *Manglé*. Dina *Manglé* gé, teu unggal édisi nerbitkeun artikel. Artikel nu ilahar dipublikasi dina hiji édisi téh ukur hiji atawa dua dina sakaca. Ditilik tina adegan kalimah dumasar wandana, kalimah dina artikel ilaharna miboga randegan kalimah nu paranjang jeung sampurna. Sanajan dina hiji artikel ukur diwangun ku dua nepi ka tilu paragraf, tapi dina hiji paragraf téh kalimahna réa nu mangrupa kalimah rangkepan. Di sagigireun ti éta, mangpaat séjén tina artikel nyaéta bisa ngawuwuhan informasi faktual pikeun masarakat. Ku kituna, pasualan nu karandapan téh nyaéta di mana jeung iraha masarakat bisa maca artikel basa Sunda.

Patali jeung pangajaran basa Sunda, artikel kaasup kana materi kelas XII di tingkat SMA/SMK/MA/MAK. Éta hal luyu jeung Perda Nomer 14 Tahun 2014, ngeunaan usaha miara basa, sastra, jeung aksara daérah. Dumasar kana eusi pasal 3, sasaran makéna basa Sunda kudu dibiasakeun di lembaga pamaréntah, lembaga masarakat, jeung lembaga pangajaran di sakola.

Ku ayana pangajaran basa Sunda di sakola, dipiharep bisa jadi bongbolongan sangkan siswa maham kana kalungguhan basa Sunda minangka basa daérahna nu salawasna kudu tuluy digunakeun. Éta hal bisa ngalatih siswa dina ngajembaran pangaweruh ngeunaan kandaga kecap, éjahan, jeung adegan basana dina nulis artikel. Saupama euweuh pangajaran basa Sunda, siswa moal parigel dina ngagunakeun basa nalika nyieun kalimah-kalimah basa Sunda. Ku kituna, panalungtik milih élmu sintaksis minangka péso panalungtikan lantaran sintaksis mangrupa élmu nu maluruh hal-hal nu ngawengku wangun kalimah jeung adegan kalimahna.

Panalungtikan ngeunaan adegan kalimah basa Sunda kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé, panalungtikan nu judulna “Adegan Kalimah Salancar

dina Carita Pantun Lutung Leutik pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA” Ku Fanny Novianti (2009). Lian ti éta, aya panalungtikan nu judulna “Adegan Kalimah Basa Sunda dina *Twitter*” ku Agustina Chandra Juwita (2014). Satuluyna aya panalungtikan nu judulna “Adegan Kalimah dina Téks Iklan Layanan Masyarakat Karangan Siswa Kelas VII C MTs AL-Inayah Bandung” ku Ayu Widiyani Sigid (2018).

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina variabel kaugerna, nu mangrupa adegan kalimah basa Sunda. Ari nu jadi bébédaan ieu panalungtikan nyaéta dina ambahan panalungtikanana nu leuwih nyoko kana kalimah rangkepan ngantét jeung kalimah rangkepan sélér sumélér. Sajaba ti éta, kalimah-kalimah dina artikel umumna miboga struktur kalimah nu paranjang. Ari dina panalungtikan saméméhna ukur dipedar struktur kalimah nu parondok.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Artikel Siswa Kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019” perlu dilaksanakeun. Ku kituna, tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pedaran nu leuwih teleb ngeunaan kalimah sarta adegan kalimahna.

1.2 Rumusan Masalah

Loba élmu nu bisa ditalungtik tina ieu panalungtikan, tapi panalungtik milih élmu sintaksis salaku péso panalungtikan lantaran maluruh sagala hal kaasup wangun kalimah, jeung adegan kalimahna. Ku kituna, perlu aya watesan masalah sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih museur sarta teu lega teuing. Ambahan tina ieu panalungtikan diidentifikasikeun kana wangun jeung adegan (fungsi, kategori, peran) kalimah rangkepan ngantét jeung kalimah rangkepan sélér sumélér.

Dina nganalisis struktur kalimah rangkepan nu aya dina artikel, panalungtik ngagunakan cara nganalisis kalimah nu diwangun ku unsur-unsur fungsional (*jejer, caritaan, udagan, komplemen, jeung katerangan*) tuluy dipasing-pasingkeun kana pola-pola kalimah nu geus ditangtukeun.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha wangun kalimah basa Sunda dina artikel siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung taun ajar 2018/2019?
- 2) Kumaha adegan kalimah basa Sunda dina artikel siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung taun ajar 2018/2019?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana masalah nu geus dirumuskeun, sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nyangking gambaran objéktif ngeunaan adegan kalimah nu nyangkaruk dina karangan artikel siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- 1) wangun kalimah basa Sunda dina artikel siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung taun ajar 2018/2019; jeung
- 2) adegan kalimah basa Sunda dina artikel siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung taun ajar 2018/2019, anu ngawengku fungsi, kategori, jeung peran.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik, nu maca, sarta individu nu kalibet dina kagiatan pangajaran basa, boh sacara tioritis boh praktis. Satuluyna ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamekarkeun élmu pangaweruh widang sintaksis, hususna dina adegan kalimah karya ilmiah.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés, diwincik sababaraha mangpaat nu sipatna praktis nyaéta saperti ieu di handap.

1) Pikeun Siswa

Ku ayana panalungtikan adegan kalimah basa Sunda, dipiharep bisa ngarojong siswa pikeun ngamotékarkeun adegan kalimah dina nulis artikel.

2) Pikeun Guru

Ieu panalungtikan bisa méré gambaran tur ngajembaran pangaweruh ngeunaan prosés ngajar, hususna dina pangajaran nulis artikel tur pangajaran kalimah-kalimah basa Sunda.

3) Pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan bisa jadi data pribadi ngeunaan déskripsi kalimah, adegan kalimah, jeung wangun kalimah, sangkan leuwih mahir kana widang sintaksis, hususna sintaksis basa Sunda.

4) Pikeun nu Maca

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan tata basa Sunda, hususna adegan kalimah.

5) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran basa jeung sastra Sunda bisa jadi leuwih euyeub ku rupa-rupa adegan kalimah nu bisa diajarkeun ka siswa. Éta hal satuluyna dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa sangkan bisa nulis kalimah nu luyu jeung tata basa Sunda.

1.5 Raraga Nulis

Ieu tulisan dipidangkeun dina lima bab. Éta lima bab téh bisa katitén saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka. Dina bab I eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (nu ngawengku tujuan

umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (nu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis), sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori Panalungtikan saméméhna jeung Raraga mikir. Dina bab II dipedar ngeunaan tiori-tiori anu aya patalina jeung adegan kalimah, anu ngawengku wangenan kalimah jeung wangun kalimah. Subbab wangun kalimah ngawengku kalimah salancar (kalimah basajan jeung kalimah jembar), kalimah rangkepan (kalimah ngantét jeung kalimah sumélér) sarta kalimah ringkesan.

Bab III Métode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan data jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan analisis wangun kalimah jeung adegan kalimah tina artikel.

Bab V Kacindekan jeung Rékomendasi. Dina ieu bab dipedar kacindekan jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan.